**Фонд оценочных средств**
**для проведения текущей и промежуточной аттестации**

| № п/п | Предмет | Наименование | Разработчик |
|---|---|---|---|
| | | **3 класс** | |
| **1** | Чеченский язык | Талламан диктант «Г1арг1улеш» «Шалха элпаш» темина | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Диктанты в начальных классах, 1-4 класс Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий». |
| **2** | Чеченский язык | Талламан диктант «Бошмийн доттаг1ий» «Дош. Дешдакъа» темина | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Диктанты в начальных классах, 1-4 класс Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий». |
| **3** | Чеченский язык | Талламан диктант «Сан махкахо» «Дешан х1оттам» темина | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Диктанты в начальных классах, 1-4 класс Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий». |
| **4** | Чеченский язык | Талламан диктант «Олхазаршна баннаш» «Къамелан дакъош» темина | Солтаханов Э. Х. Солтаханов И.Э. Диктанты в начальных классах, 1-4 класс Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий». |
| **5** | Чеченский язык | Промежуточни таллам диктант «Хасбешахь» | Канакина В. П. Щёголева Г. С. Русский язык. Сборник диктантов и самостоятельных работ. 1-4 класс. Просвещение. |

Система проверочных заданий и упражнений для самоконтроля включена в содержание учебников для 1-4 классов.

**Талламан диктант «Г1арг1улеш».**

Хаза хуьлу гурахь г1арг1улеш йоьлхуш.Кхо са бой йоьлху уьш лакха стигалхула. Церан маьхьарий хеза лаьттахь. Дехха лаьтта адамаш царна т1аьхьа хьоьжуш. Г1арг1улеш бовхачу махка д1аяхар-гуьйре йоларан билгало ю.

**Грамматически т1едилларш.**

1. Хьалхарчу кхаа предложенерчу мукъачу шалхачу элпашна к1ел цхьа сиз хьакха, мукъазчу шалхачу элпашна к1ел ши сиз хьакха
2. Дешдакъошка декъа дешнаш: лаьтта, гуьйре, г1арг1улеш, некъ, бовхачу

**Талламан диктант «Бошмийн доттаг1ий»**

Дитта т1ехь д1атоьхна бен бу. Цу чохь олхазарш деха. Олхазарш бошмийн доттаг1ий дуйла хаьа суна.Ас уьш къехка ца до. Цундела тхан дитташ т1е стоьмаш дуккха а латабо.

**Грамматически т1едилларш.**

1. Шолг1а предложени меженашца талла.

2. Сехьадаха ма-деззара декъа а доькъуш д1аязде дешнаш: дитта, доттаг1ий, тхан, къехка, дукха

**Талламан диктант «Сан махкахо»**

Боккха бу сан мохк. Ас дозалла до сайн махках.Исбаьхьа ду кхузара 1алам,лекха лаьмнаш, луьстахьаннаш. Дуьненан массо а маь11ехь хаало сан махкахой. Сан махкахочо дозалла дарца олу шеен мохк Нохчий чоь бу!

**Грамматически т1едилларш.**

1. Шолг1ачу предложенехь подлежащиний, сказуеминий к1ел сиз хьакха.
2. Схьаязде юкъара орам болу дешнаш, билгал баккха церан орам.

## Талламан диктант «Олхазаршна баннаш»

Бовхачу махка д1адахана олхазарш б1аьсте яьлча юхадог1у. Аннийн кескех царна баннаш до бераша. Т1аккха дитташ т1ехь уьш д1ач1аг1до. Олхазарш бошмийн доттаг1ий ду. Дитташ талхош йолу СА долу х1уманаш юу цара. Олхазарш бошмашкара лелхо мегар дац. Уьш, мелхо а, т1ек1адо х1ума дан деза.

**Грамматически т1едилларш.**

1. Хьалхарчу предложенехь билгалъяха коьрта меженаш.
2. Дешнийн х1оттам къастабе

1-ра вариант: таллархо, д1адеш**а,** урам**аш**
2-г1а вариант: яздархо, схьакхеч**и**, къолам**ца**.

## Талламан диктант «Хасбешахь» (аг1о 88)

Хасбеша дахара бераш. Цигахьбелхаш бира цара.Цхьаболчара хасстоьмашна асар дира,вукхара хи диллира.Дукха хасстоьмаш гулбийрбу хасбешара. Цигахь йийна дика кхуьуш ю копастанаш а, ж1онкаш а,наьрсаш а. Муьлхачу хасстоьмана хи маца дилла деза а,молханаш муьлханаш тоха деза а хьоьху агрономо берашна.

**Грамматически т1едилларш.**

1. Хьалхарчу предложенехь билгалъяха коьрта меженаш, дешнашна т1ехула къамелан дакъош билгалдаха

2. Текста юкъара схьаязде цхьаллин а, дуккхаллин а терахьера кхоккха дош.